

Pou anplwaye k ap Pran Swen Moun Lakay yo

Tarif Salè Minimòm pou chak èdtan pou Endistri Divès ki aplikab 1/1/2025 – 31/12/2025

Daprè Lwa Sante Piblik la § 3614-f aplikab pou

Moun k ap bay Swen Nan Kay jan sa dekri daprè Lwa Sante Piblik § 3614-c

New York City

Salè Minimòm \$19.10

Lè siplemantè aprè 40 èdtan \$28.65

Long Island ak Westchester County

Salè Minimòm \$19.10

Lè siplemantè aprè 40 èdtan \$28.65

Rès New York State

Salè Minimòm \$18.10

Lè siplemantè aprè 40 èdtan \$27.15

Si w gen kesyon, ou bezwen plis enfòmasyon oswa w vle depoze yon plent, tanpri ale sou

www.labor.ny.gov/minimumwage oswa rele: **1-888-469-7365.**

Kredi ak Alokasyon ki kapab redwi peman w anba pouvantaj salè minimòm nan endike anwo a:

- Manje ak lojman** – Travay ou ka reklame yon kantite lajan limite nan salè w pou manje ak lojman ke yo ba ou, depi yo pa chaje w pou okenn lòt bagay ankò. Tarif ak egzijans yo etabli nan òdonans salè ak nan rezime yo, yo disponib sou entènèt.

Pèman anplis ou ka dwe anplis de pouvantaj salè minimòm ki endike anwo a:

- Siplemantè** – Yo dwe peye w $1\frac{1}{2}$ fwa kòb yo abitye peye w la (pa pi piti pase montan ki mansyone pi wo a) pou lè pa semèn ki depase 40 èdtan (oswa 44 pou anplwaye ki nan rezidans).
- Pèman paske yo rele w vin travay** – Si w al travay daprè orè ou genyen an epi patwon ww la voye w lakay ou bonè, yo dwe peye w pou rès lè yo nan pri salè minimòm nan pou jou a.
- Kantite lè travay** – Si jounen travay ou dire plis pase dizèdtan, yo dwe peye w pèman anplis chak jou. Montan chak jou a egal a inèdtan pèman nan pri salè minimòm lan.
- Antretyen inifòm** – Si ou lave inifòm ou, ou ka gen dwa a yon salè siplemantè chak semèn. Pouvantaj chak semèn la disponib anliy.